13.- LÀKK AK BIND

AB ELEEW MINGI JÀƊG MBIND MUÑUY WAX POEM

Man maa jiite kuréel giy jàŋgale español. Dama bëgg won suñu eleew yi bërëbu liirukaay binga xamni léegléegi dinañ leen fi indi ndaxte warna am ay juumtukaay yu am solo ngir ngeen xam bubaax téere yi ndax suñu yen bu jëkk mooy jàŋgal leen liir akit ngeen neekksi bërëb boo xamni dingeen fa jàŋg ci anam yu baax.

Ginnaaw español mooy làkk bingeen di jëfendikoo ci lépp lu neekk, moo xam njàŋgmi la, moo xam ci mbeeddmi la, moo xam bungeen di wax ak seen xarit yi, ba motas dinañ ci def luñu mën ngir ngeen dégg ko bubaax.

Ngir loolu dinañko jàŋg ci anam yu bari di sóoraale ni dañ ko wara def mu dëppoo'k liñuy duna, kon book dinañ jàŋg ay baat yu bees tekkiko, dinañ jàŋg itam sartu làkk bi ñukoy wax nawwa, ak tamit nañuy def ba xam ab teks ak nan lañuy def ba mënë làkk español.

Waxu eleew bu jigeen : sumay jàŋg damay yobbaale ab klasëër ngir yimay jàŋg baña jaxasoo. Dinama dimbële ma táqqale yi bookkul. Sumay jàŋg español damay bëgg di sàmm eksersiis yi ba du jaxasoo mooy liggéey yi ñuy def ci kërgi. Ci njàŋgmi sumay bind turu limay jàŋg damakoy bind mu ngande te leer, dinaa bind tamit bisbi ak weer wi. Ci eksersiis yi laaj yi damakoy bind ak big bu ñuul, tontu yi ma bind ko ak bic bu blë. Bépp eksersiis bu ñu mënë def dinaa bind ci kaw bis bi ak weer wi. Dinañu def itam loolu ñuy wax analiis gramatical, muy ñu raññe ci wax yi kiy wax, kiñiy waxal, kañ la wax, nan la waxe. Kon daal lépp dafa wara set te leer ngir ñu mënko gis bu baex, mën ko jàŋgit bu baax.

Xamal liggéey bi suñu eleew yi def lu am solo la ndaxte mooye doon téere ekool bi te it mooy doon baatu ekool bi ci liggéey yooyu ñu def ak yu bees yooyu ñu amal. Ci njàŋgum español lëy gënë doon waaye yeneen yiñiy jàŋg tamit amna ci yuy genne ci téere ekool bi ndax téere boobu day dàddi xawa jege doon baatu aaday ekool bi.